*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 14 (7332) РУЗМАН 7 апрель 2023 сон

12+

# Депутатазул Собраниялъул 16 сессия тIобитIана




**Районалъул администрациялъул минаялъуб тIобитIана иргадулаб депутатазул Собраниялъул анкьабилеб ахIиялъул 16 сессия. Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана 2022 соналда гьарурал хIалтIабазул ва 2023 соналда цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ районалъул бетIерасул хIисаб кьей.**

Депутатазда цадахъ сессиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместителал МухIамад ГIумаровас ва ХIусен ГIарабиевас, Россиялъул ОМВДялъул ЧIарада районалъул жанисел ишазул начальник МусахIажи Саламовас ва росабазул поселениязул бутIруз.

Сессиялъул хIалтIи байбихьулаго районалъул депутатазул Собраниялъул председатель КIудамухIамад МахIачевас гIахьаллъаразе баян гьабуна повесткаялъул. Хал гьабиялде босулеб бугин абуна районалъул администрациялъ 2022 соналда гьабураб хIалтIул хIисаб кьей ва 2023 соналда район цебетIезабиялъе гьаризесел хIалтIабазул масъалаби. КIиабилеб суаллъун букIана 2022 соналъул бюджет хIалтIизабиялъул ва 2023 соналда бюджеталда гьаризе ккарал хиса-басиязул хIисаб кьей.

2022 соналда жинцаго ва районалъул администрациялъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьолаго районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас дандельаразул пикру буссинабуна гьеб заманалда жиндир ккарал хIасилазде ва 2023 соналда район цебетIезабиялъе гьаризе ккарал масъалабазде, гьединго гьес баян гьабуна нахъа тараб 2022 сон букIанин тIолабго улкаялъего гIадин нилъер районалъеги кIвар цIикIкIарал тарихиял лъугьа-бахъинал ккараб сонлъун.

«Гьалмагъзаби, гьаб бакIалда бокьун буго тIадчIей гьабизе 2022 соналъул 24 февраль Президент Владимир Владимирович Путиница нилъеда мадугьалихъ бугеб Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIиялъе байбихьи лъазабиялъе бигьаяб гуреб хIукму къабул гьабураб букIиналда. Нилъеда киназдаго ракIун буго лъалеб буго Россиялдехун Западалъулал политиказ санкциязул тIадецуй гьабулаго чамалиго сон унеб букIиналъул. Араб соналъул 21 сентябралда нилъер пачалихъалда лъазабун букIана цогояб гражданазулаб мобилизация, хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе ккеялъул. Гьениб нилъер ракьцояз рагъулаб присягалъеги хисичIого гIахьаллъи гьабулеб буго ватIан цоясул эркенлъи ва чияда бай гьечIолъи букIинабиялъе гIоло къеркьолаго. КIудияб пашманлъиялдалъун лъазабулеб буго хасаб рагъулаб операциялда жидедаго цере лъурал масъалаби тIуразарулаго хвана ичIго ЧIарада районалдаса гIолохъанчи. **Цойги нухалда гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго нижеца хваразул гIагаразда ва божаразда**. РачIа цо минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун гьел ракIалде щвезаризе», – ян лъазабуна районалъул нухмалъулес.

Гьединго жиндирго докладалда МухIидин МухIамадовас баркала загьир гьабуна рагъде ахIун ва жидеего бокьун арал ракьцоязе. Гьез ВатIаналъул тIадкъай ракIбацIцIадго тIубазабулеб букIиналъул, гьезул гIемерисез хъулухъ гьабулеб буго рагъул цебесеб кьерда ва мустахIикълъулел руго орденазегун медалазе.

Докладалде гьорлъе рачун рукIана рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе гьарулел кумеказул ва кверчIваялъул суалаги.

«Пачалихъалъ ва республикаялъ гьабулеб кинабгIаги кумекалда цадахъ гIолохъабазе хIажатаб буго нилъедаса моралияб рахъ кквей, гьелъ гьезда бичIчIизабула гьезул щивав нилъее хирияв вукIин, гьезул хъизаназеги кумек ва бербалагьи щвезе бугин», – ян баян гьабуна МухIидин МухIамадовас.

**Районалъул бетIерас бицана рагъухъабазе ва гьезул хъизаназе кидагосеб кумек щолеб бугин меценат, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат СагIдулаев МухIамад Мухтаровичасдаса. Гьесие районалъул захIматчагIазул, депутатазул корпусалъул ва жиндирго рахъалдаса кIудияб баркала загьир гьабуна.**

Районалъул бетIерасул лъазабиялда рекъон гьанжелъизегIан районалъе гьабураб кумек бахъун буго 2 300 000 гъурщиде.

«Нижеца хадубккунги кумек гьабизе буго нилъер рагъухъабазе ва гьезул хъизаназе, битIизе буго гьезие бищунго хIажатабщинаб. Гьарула росабазул поселениязул бутIруздаги гьаб суал хасаб бербалагьиялда гьоркь букIинабеян. Кумек гьабизе буго рагьда ругезе ва балагьун чIезе руго гьел бергьенлъиги босун нахъруссун рачIиналъухъ. Гьаниб рехсечIого гIоларо цо-цо мобилизациялдасаги рахчун бакI-бакIазда кьерун чIарал гIолилазулги, гьезул ВатIаналдехун гьечIеб ракIбухIиялъулги», – ян тIадеги жубана районалъул нухмалъулес.

Хадур баян гьаруна районалъул аслиял хIалтIабазда: росдал магIишаталда, предпринимательствоялда, даран-базаралда, сахлъи цIуниялда, лъай кьеялда, культураялда, ЖКХялда, ралел бакIазда ва цогидаги ботIабазда ккарал хIасилазул. Докладчикас гьединго абуна 2022 соналда киналго хIалтIаби гIуцIун рукIанин нилъер пачалихъалъул Президентасул политикаялда рекъон ва республикаялъул нухмалъулесул рихьизариялги кьучIое росун. Аслияб къагIидаялда нилъеда цере лъурал рихьизариялги, масъалабиги нилъеца тIуразаризе ккола районалъул захIматчагIазул гIумру лъикIлъизабиялъул мурадалда.

Социалиябгун экономикияб рахъ нилъер районалда цо бакIалда чIун хутIичIо, ккана цо-цо бутIабазда лъикIал хIасилалги. 2022 соналъул хIалтIул хIасилал гьарулаго ракIчIун абизе кIола нижеца дагь-дагькун тIуразарунин цере лъурал масъалаби», – ян лъазабуна районалъул бетIерас.



АхиралдаМухIидин МухIамадовас баркала загьир гьабуна район цебетIезабиялъулъ цIикIкIараб бутIа лъуразе, жигараб захIматалъ район лъикIаб рахъалъ бихьизабулезе ва абуна гьеб буго гьанир гIахьаллъаразулги цадахъаб хIалтIул хIасилан.



Хадуб сессиялда 2022 соналда бюджет тIубаялъул хIисаб кьуна районалъул администрациялъул финансазулаб отделалъул начальник Арсен АдухIовас.

Депутатазул Собраниялда повесткаялда рукIарал суалазда хурхун дандрекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна.





Депутат, ЦРБялъул бетIерав тохтур Къурбан Рамазановас лъикIаблъун рикIкIана районалъул бетIерас къураб хIисаб ва гьабулеб хIалтIи.

«Жиндирго докладалда МухIидин МухIамадовас кIвар буссинабуна районалъул гIумруялъул ругел бутIабазде. Киналго рахъазда районалъул захIматчагIазул гIумру лъикI гьабиялъул ахIвал-хIал битIун унеб буго. Гьелъулъ аслияб бутIа ккола районалъул нухмалъулезул. Дун цIакъ разияв вуго районалъул бетIерасул командаялда цадахъ хIалтIизе, щайгурелъул дида ракIчIун лъала гьесдаса кумек ва квербакъи щолебльи. Дун чанго нухалда нугIлъун ккана захIматаб хIал букIаниги МухIидин ГIабдулвагьабовичас гьездаса ворчIиялъе нухал ва ре-



сал ратиялъул.

Гьединго дие депутатазул ва тIолабго районалъул захIматчагIазул рахъалдасаги баркала кьезе бокьун буго ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад СагIдулаевасе, гьес районалъе гьабулеб бугеб кIудияб кумекалъухъ», – ян абуна районалъул бетIерав тохтурас.

Мугурухъ росдал поселениялъул бетIер ГIабдуразакъ МухIамадовичасги рахъ ккуна районалъул бетIерас гьабураб хIалтIуе Къурбан Рамазановас къураб къиматалъул ва тIадеги жубана: «МухIидин МухIамадовас нижеда цебе лъуна гъваридаб магIнаялъул лъикIаб доклад. Гьанир гIодор чIарал киназдаго лъала районалда бугеб ахIвал-хIал, ругел лъикIал хIасилал. Дие гьаниб бицине бокьун буго цогидалъул. Нухмалъулесул лъикIаб хасият буго – хIурматгун тIаде гIадамал къабул гьари, гIадатлъи ва гIодове виччай – гьел киналго рахъал гIунги тIокI руго МухIидин ГIабдулвагьабовичасул.

Районалъул нухмалъиялда вукIаго гьес живго вихьизавуна гIаданлъи бугевлъун. Гьеб буго чиясул гIумруялъулъ лъикIаб хасият, гьелдаго цадахъ гьев гIенеккула гIадамазухъ ва жигар бахъула бегьулеб ресалдалъун гьезул мурадал тIуразаризе. Цо рагIудалъун абуни, дун гьесда цадахъ разведкаялъ инеги хIадурав вуго», – ян абуна ГIабдуразакъица.

# Бюджет МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год

**Собрание депутатов администрации муниципального образования «сельсовет Гилибский» Чародинского района**

## РЕШЕНИЕ

**Об утверждении проекта бюджета администрации МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов**

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации от 31.07.98 г. № 145-ФЗ, федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ Уставом муниципального образования «сельсовет Гилибский» Чародинского района РД **решил:**

1. Принять проект решения Администрации МО «сельсовет Гилибский» «О бюджете Гилибского сельского поселения на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов» (приложение № 1).

2. Разместить настоящее решение на официальном сайте Администрации МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района РД и в районной газете «Чарада».

3. Настоящее решение вступает в силу с момента его официального опубликования.

***Глава администрации МО «сельсовет Гилибский»***
***И.М. ИБРАГИМОВ***

*с. Гилиб 05.02.2023 г.*

## РЕШЕНИЕ №1

**Об утверждении проекта бюджета администрации МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района РД на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов**

Настоящее решение принято в соответствии с бюджетным кодексом Российской Федерации от 31.07.98 № 145-ФЗ, федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» от 06.10.2003 № 131-ФЗ Уставом муниципального образования «сельсовет Гилибский» Чародинского района РД.

**Статья 1. Основные характеристики проекта бюджета Администрации МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов**

Утвердить основные характеристики бюджета администрации МО «сельсовет Гилибский»:

1) на 2023 год:
- общий объем доходов бюджета сельского поселения в сумме 5428800 рублей;
- общий объем расходов бюджета сельского поселения в сумме 5428800 рублей;
- дефицит сельского бюджета в сумме 0,0 тыс. руб.;

2) на 2024 год:
- общий объем доходов бюджета сельского поселения в сумме 5528800 рублей;
- общий объем расходов бюджета сельского поселения в сумме 5528800 тыс. руб.
- дефицит бюджета сельского поселения в сумме 0,0 тыс. руб.;

3) на 2025 год:
- общий объем доходов бюджета сельского поселения в сумме 5628800 рублей;
- общий объем расходов бюджета сельского поселения в сумме 5628800 рублей;
- дефицит бюджета сельского поселения в сумме 0,0 тыс. руб.

**Статья 2. Нормативы распределения доходов**

Установить нормативы распределения доходов бюджета Администрации МО «сельсовет Гилибский» согласно приложению № 1 к настоящему Решению.

**Статья 3. Показатели доходов сельского бюджета**

1. Утвердить поступления доходов бюджета сельского поселения по кодам классификации доходов бюджетов на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов согласно приложению № 3.

**Статья 4. Главные администраторы доходов местного бюджета**

Утвердить перечень главных администраторов доходов бюджета Гилибского сельского поселения и закрепляемые за ними виды (подвиды) доходов бюджета согласно приложению № 3 к настоящему Решению.

**Статья 5. Бюджетные ассигнования бюджета администрации МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов**

1. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по целевым статьям группам видов расходов классификации расходов бюджета МО «сельсовет Гилибский» согласно приложению № 4 к настоящему решению;

2. Утвердить ведомственную структуру расходов бюджета на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов согласно приложению № 5 к настоящему решению;

3. Утвердить в пределах общего объема расходов бюджета утвержденного статьей 1 настоящего Решения:

1) общий объем условно утвержденных расходов:
а) на 2023 год в сумме 5428800 рублей.
б) на 2024 год в сумме 5528800 рублей.
в) на 2025 год в сумме 5628800 рублей.

4. Установить, что субсидии юридическим лицам предоставляются из местного бюджета в случаях и порядке, предусмотренных решением представительного органа муниципального образования о местном бюджете и принимаемыми в соответствии с ним муниципальными правовыми актами местной администрации.

Установить, что в 2023 году и на плановом периоде 2024 и 2025 годов муниципальные гарантии не предоставляются.

**Статья 6.** Установить, что финансирование поставок товаров, работ, оказания услуг для нужд сельского Совета (села) осуществляется в соответствии с порядком, установленным Правительством РД, а также с учётом реального поступления доходов в сельский бюджет.

**Статья 7.** Установить, что заключение и оплата договоров получателями средств бюджета производится в пределах утверждённых им лимитов бюджетных обязательств в соответствии с функциональной и экономическими структурами расходов бюджетов РФ и с учётом ранее принятых и не исполненных обязательств.

**Статья 8.** Целевые средства в составе остатка на едином счёте бюджета на 01 января 2023 г., а именно: субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта, в течение 15 рабочих дней января 2023 г. возвращаются в бюджет МО «Чародинский район».

**Статья 9. Вступление в силу настоящего решения**

Настоящее Решение вступает в силу с 1 января 2023 года и подлежит официальному опубликованию на официальном сайте администрации МО «сельсовет Гилибский».

***Глава администрации МО «сельсовет Гилибский»***
***И.М. ИБРАГИМОВ***

***с. Гилиб 05.02.2023 год***

*Приложение № 1*
*к решению о бюджете МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района на 2023 год*
*от 05 февраля 2023 г. № 1*

**Главные администраторы доходов сельского бюджета - органы государственной власти Российской Федерации Федеральная налоговая служба**

| Код дохода | Наименование дохода |
|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц в границах поселений |
| 18210606013101000110 | Земельный налог по ставкам п.п.1 п.1. ст.394 НК РФ |
| 18210606023101000110 | Земельный налог по ставкам п.п.2 п.1. ст.394 НК РФ |
| 18210503010011000110 | Единый сельскохозяйственный налог |

*Приложение № 2*
*к решению о бюджете МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района на 2023 год*
*от 5 февраля 2023 г. № 1*

**Главные администраторы доходов сельского бюджета - органы местного самоуправления МО «сельсовет Гилибский» Администрация МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района**

| Код дохода | Наименование дохода |
|---|---|
| 00120201001100000151 | Дотация бюджету на выравнивание бюджетной обеспеченности |
| 00120203015100000151 | Субвенция на ведение первичного воинского учёта |
| 00111701050100000180 | Невыясненные поступления, зачисляемые в бюджет поселения |
| 00120805000100000180 | Перечисления из бюджета (в бюджет) для возврата доходов и % |
| 00111402052100000410 | Доходы от реализации основных средств учреждений поселения, кроме БУ |
| 00111402053100000410 | Доходы от реализации основных средств по иной собственности, кроме БУ |
| 00111402052100000440 | Доходы от реализации материальных запасов учреждений в ведении ОМС |
| 00111402053100000440 | Доходы от реализации материальных запасов от иной собственности поселения |
| 00111105025100000120 | Доходы в виде арендной платы за земли в собственности поселения |

*Приложение № 3*
*к решению о бюджете МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год*
*от 05.02.2023 г. №1*

**Поступления доходов в бюджет МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района в 2023 году и на плановый период 2024 и 2025 годов**

| Код дохода | Наименование дохода | 2023 г. | 2024 г. | 2025 г. |
|---|---|---|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 43000 | 43000 | 43000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 69000 | 69000 | 69000 |
| 18210606013101000110 | Земельный налог | 243000 | 243000 | 243000 |
| 18210503010011000110 | Единый сельскохозяйственный налог | 38500 | 38500 | 38500 |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 4163110 | 3360550 | 3360550 |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 145000 | 151850 | 156850 |
| 00111105025100000120 | Арендная плата за земли в собственности поселения | | | |
| 41511690050106000140 | Неналоговые доходы | 5000 | 5000 | 5000 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 4706600 | 3910900 | 3915900 |

*Приложение № 4*
*к решению о бюджете Администрации МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района» на 2023 год*
*от 05 февраля 2023 г. №1*

**Распределение расходов сельского бюджета Администрации МО «сельсовет Гилибский» Чародинского района по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ на 2023 год.**

| Наименование | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | --- | --- | **5428,8** |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 578448 |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 1364556 |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 145000 |
| Жилищное хозяйство | 05 | 01 | |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | |
| Благоустройство | 05 | 03 | 530000 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 50000 |
| Культура | 08 | 01 | 1560000 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | 100000 |
| Резервные фонды | 01 | 11 | |
| Муниципальная пенсия | 01 | 13 | 90804 |
| Антитеррор | 01 | 04 | 10000 |
| Бюджетные инвестиции в объекты капитального строительства государственной (муниципальной) собственности | 11 | 02 | 1000000 |

***Глава администрации МО «сельсовет Гилибский»***
***И.М. ИБРАГИМОВ***

*Утверждаю:*
*Глава Администрации МО «сельсовет Гилибский»*
*И.М. Ибрагимов*

**Смета расходов администрации МО «сельсовет Гилибский» на 2023 год**
**Ведомственная структура расходов сельского бюджета на 2023 год**

| Наименование | Рз | Пр | ЦСР | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | ---- | ---- | -------- | ---- | **5428,8** |
| Фонд оплаты труда Главы МО | 01 | 02 | 0020300 | 121 | 444288 |
| Начисления на оплату труда главы | 01 | 02 | 0020300 | 129 | 134160 |
| Фонд оплаты труда по администрации | 01 | 04 | 0020400 | 121 | 825312 |
| Начисления на оплату труда администрации | 01 | 04 | 0020400 | 129 | 249244 |
| Кап. ремонт имущества местной администрации | 01 | 04 | 0020400 | 243 | |
| Прочая закупка товаров, работ, услуг администрацией | 01 | 04 | 0020400 | 244 | 220000 |
| Закупка товаров, работ, услуг для электроэнергии | 01 | 04 | 0020400 | 247 | 70000 |
| Налоги на имущество и земельный по администрации | 01 | 04 | 0020400 | 851 | |
| Уплата прочих налогов, сборов, платежей за администрацию | 01 | 04 | 0020400 | 852 | |
| Выборы депутатов представительного органа | 01 | 07 | 0200002 | 880 | |
| Выборы главы муниципального образования | 01 | 07 | 0200003 | 880 | |
| Фонд оплаты труда работника по первичному воинскому учёту | 02 | 03 | 0013600 | 121 | 108000 |
| Начисления на оплату труда работника по первичному воинскому учёту | 02 | 03 | 0013600 | 129 | 32616 |
| Закупка товаров, работ, услуг для воинского учета | 02 | 03 | 0013600 | 244 | 4384 |
| Капитальный ремонт объектов коммунального хозяйства (водопроводы … ) | 05 | 02 | 3510500 | 243 | |
| Закупка товаров, работ, услуг для объектов коммунального хозяйства | 05 | 02 | 3510500 | 244 | |
| Строительство объектов коммунального хозяйства | 05 | 02 | 3510500 | 414 | |
| Закупка товаров, работ, услуг для уличного освещения | 05 | 03 | 6000100 | 244 | 30000 |
| Закупка товаров, работ, услуг для содержания автодорог | 05 | 03 | 6000200 | 243 | |
| Строительство автомобильных дорог и сооружений на них в рамках благоустройства | 05 | 03 | 6000200 | 414 | |
| Закупка товаров, работ, услуг для организации и содержания мест захоронения | 05 | 03 | 6000400 | 244 | |
| Закупка товаров, работ, услуг для прочих мероприятий по благоустройству | 05 | 03 | 6000500 | 244 | 500000 |
| Капитальный ремонт прочих объектов благоустройства | 05 | 03 | 6000500 | 243 | |
| Строительство прочих объектов благоустройства | 05 | 03 | 6000500 | 414 | |
| Проведение мероприятий для детей и молодёжи | 07 | 07 | 4310100 | 244 | 50000 |
| Обеспечение деятельности культурно-досуговых центров | 08 | 01 | 4409900 | 611 | 1560000 |
| Мероприятия в области физкультуры и спорта | 11 | 05 | 5129700 | 244 | 100000 |
| Первичные меры пожарной безопасности | 01 | 13 | 2180100 | 244 | |
| Муниципальная пенсия | 01 | 13 | 0920305 | 244 | 90804 |
| Антитеррор | 01 | 11 | 0700402 | 880 | 10000 |
| Бюджетные инвестиции в объекты капитального строительства государственной (муниципальной) собственности | 11 | 02 | 5129700 | 414 | 1000000 |

***Глава администрации МО «сельсовет Гилибский»***
***И.М. ИБРАГИМОВ***

# Ихдалилаб призыв лъазабун буго

Районалъул депутатазул Собраниялъул сессия байбихьилалде данделъарал депутатазда, росабазул поселениязул бутIрузда ва районалъул активалда цеве кIалъазе вахъана ЧIарада районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадов.



«Улкаялда 1 апрелалдаса хадуб байбихьун буго солдатал-срочникал тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе армиялде ахIулеб ихдалилаб призыв. Гьеб халат бахъине буго 15 июлалде щвезегIан. РФялъул Рагъулал къуватазда хъулухъ гьабизе ахIун руго 18-ялдаса 27 соналде щвезегIан гIумру бугел гIолилал, школа лъугIарал, ялъуни ВУЗал лъугIарал батIалъи гьечIого», – ян лъазабуна военкомас ва мухIканго данделъаразе баян гьабуна планалда рекъон солдатал-срочникал ракIаризе ккеялъул ва заманалъул.

Районалъул бетIер, призывалъул комиссиялъул председатель МухIидин МухIамадовас лъазабуна жакъасеб къоялда кIвар кьезе ккараб суал букIин жамагIаталда битIараб информация лъазаби ва бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гьаби.

«КъваригIараб буго рукIинесел призывниказда, гьезул эбел-инсуда ва гIагарлъиялда мухIканго бичIчIизабизе армиялда хъулухъ гьабизе рачунел гIолилал СВОялда гIахьаллъизе гьечIин, гьез хъулухъ гьабизе буго Россиялъул гIорхъабазда жанибго. Гьелдаго цадахъ тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубан хадуб солдатазул ихтияр буго контрактги хъван тIадеги хъулухъ гьабун чIезе», – ян лъазабуна призывалъулаб комиссиялъул председателас.

Росабазул поселениязул бутIрузе тIадкъай къуна бакIазда гьабураб хIалтIул щибаб къоялъ хIисаб кьезе. «Сундухъго балагьичIого ихдалил призывалъул кампания гIуцIараб къагIидаялда ва тIадегIанаб даражаялда тIубазабизе, призывниказул сияхIал ва повесткаби рукIине кколеб къагIидаялда гIуцIизе ккола. Призывникал кодор щоларого рукIун квалквалал кколел ругони, кумекалъе ахIизе бегьула жанисел ишазул органазул хIалтIухъаби. Жеги росабазда гIумру гьабулезда лъазабизе ккола лицензия ва аккредитация гьечIел цIалул учрежденияздаса справкабазул къуват букIунаро тIадаб рагъулаб хъулухъ гьабиялдаса нахъчIваялъе».

Хадуб гьоркьоб лъураб суал букIана контракталда рекъон хъулухъ гьабиялъул ругел лъикIал рахъазул районалда захIматчагIазда гьоркьоб агитациялъулабгун бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гьабизе ккеялъул.

«Контракталда рекъон хъулухъ гьабиялъул рахъалъ районалда гьабун буго цо бихьулеб хIалтIи, бакI-бакIазда седон руго гьелъул хIакъалъулъ бицунел тIамчал, лъун руго банерал, гьединго хIадурун руго контракталда рекъон хъулухъ гьабиялъул бугеб хайиралъул лъазарулел буклетал. РакIчIараб буго хадубккунги гьеб рахъалъ нужер кумек букIиналда», – ян лъазабуна районалъул бетIерас данделъаразда.

Районалъул рагъулав комиссарас бицана контракталда рекъон хъулухъ гьабулезе ругел бигьалъабазул ва лъикIлъабазул. Гьезда гьоркьор руго щибаб моцIалда кьолеб цIикIкIараб гIарцул къадар, рукъзал щвеялъе ихтияр, социалияб пакет ва хIукуматалъул рахъалъ гьарулел батIи-батIиял бигьалъаби.

# ТIоцебесеб туралъул хIасил квешаб ккечIо

ЧIарада районалъул ЦРБялъул бетIерав врачасул заместитель Зарема Химеловалъ районцоязе баян гьабуна по-



лиомиелиталде данде иммунизация гьабиялъул тIоцебесеб туралъул хIасилал. Гьаб соналда Дагъисталда 27 февралалдаса 5 марталде ва 3-9 апрелалде щвезегIан лъазабун букIана 3 моцIалдаса 9 соналде щвезегIан ругел лъималазе полиомиелиталде данде иммунизация гьабизе букIиналъул.

ЧIарада районалъул ЦРБялъул администрациялъ ва тIолалго медицинаялъул хIалтIухъабаз кIудияб хIалтIи гьабуна районалъул захIматчагIазда туралъулаб иммунизация букIине бугилан лъазабулаго ва гьелъул кIваралъул бичIчIизабулаго.

ТIоритIана районалъул администрациялъул вакилзабиги гIахьаллъарал районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазул совещаниял. Киналго цIалул заведениязда ва школалъул гIумруялда гьечIел лъималазул учреждениязда тIоритIана учительзабигун умумул гIахьаллъарал собраниял, гьенир гьаруна бичIчIи кьеялъул хIалтIаби полиомиелиталде данде гьарулел профилактикиял хIалтIабазда хурхун, гьел унтабаз кьезе регьулел хIасилазул, вакцинация гьабиялъул бугеб кIваралъул.

Районалъул педиатр Жамилат Абакаровалъул нухмалъиялда гьоркь гIуцIун руго туралъулаб иммунизация гьабиялъе хасал бригадаби.

КIигониги нухалда районалъул администрациялъул поселениязул бутIрулги гIахьал гьарураб совещаниялда кIалъазе вахъана ЦРБялъул бетIерав врач Къурбан Рамазанов. Гьес жиндирго кIалъаялда киналго гIахьаллъарал ахIана иммунизациялде данде жидеца гьабулеб хIалтIуе кумек ва квербакъи гьабизе.

Иммунизация гьабиялъул тIоцебесеб тур тIобитIана лъикIал хIасилалгун. Вакцина гьабизе ккоан 880 лъимадуе, гьездасан гьабун буго 844-язе, гьеб кколеб буго 95,9 процент. Прививка гьабичIого хутIун руго – 36 лъимер, гьезда гьоркьор руго данде чIарал – 22, медицинаялъ нахъ чIварал – 12 ва заманаялъ районалдаса къватIире арал – 2.

«Дирго рахъалъ абила, киналго хIинкъи бугел инфекциязе ва хасго полиомиелиталде данде профилактика гьабиялъ рес кьезе буго унти ва хвел нахъ чIваялъе. Гьеб суалалде кидаго цIикIкIараб кIвар кьезе ккола ва кинго тасамахIлъиги биччазе бегьуларо. РакIалда буго иммунизациялъул кIиабилеб турги жеги тIадегIанал хIасилалгун тIобитIизе», – ян лъазабуна главврачасул заместителалъ.

# Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан обеспечил безопасность зерновой продукции, отгружаемой в Иран за I квартал 2023 г.

С начала текущего года должностными лицами Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан произведен досмотр 152 тыс. тонн зерновой продукции, отгружаемой в Исламскую Республику Иран. Преимущественно экспортное зерно поступает в порт автомобильным и железнодорожным транспортом из Кабардино-Балкарской республики, и Ставропольского края, где, по данным экспертов, выращен хороший урожай. Сначала его загружают в специальные емкости для временного хранения зерна - элеваторы, затем по мере формирования судовых партий оно перегружается на судна. По завершению погрузки инспекторами Россельхознадзора отбираются пробы зерновой продукции, которые доставляются в лабораторию с самыми современными приборами исследований – в дагестанский филиал Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР». Всего с начала года, таким образом, было доставлено и исследовано 95 пробы зерновых культур, в которых карантинных вредных объектов не выявлено.

По итогам лабораторных исследований специалисты дагестанского филиала Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР» начинают процесс фумигации – уничтожения насекомых и других видов возбудителей болезней растений путём отравления газами-инсектицидами. Только по завершению фумигации, судна с зерновой продукцией отправляются в Иран. А газ, выделенный из специальных приборов, будет циркулировать в трюме с зерном еще несколько дней во время перехода судна.

На основании заключений подведомственного Всероссийского центра карантина растений Россельхознадзором за отчетный период выдано 95 фитосанитарных сертификата.

При проведении карантинного фитосанитарного контроля подкарантинной продукции нарушений международных фитосанитарных требований не выявлено, карантинные объекты не обнаружены. Благодаря последовательным действиям сотрудников Россельхознадзора удалось обеспечить безопасность зерновой продукции, отгружаемой в страну-импортер.

Напомним, что Махачкалинский международный морской торговый порт расположен на западном побережье Каспийского моря и является единственным незамерзающим и самым глубоководным портом России на Каспии, а также важным стратегическим звеном связующим Юг страны с государствами Средней Азии, Ираном, Закавказьем, другими странами региона.

***Начальник отдела - Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан, заслуженный работник сельского хозяйства РД Марина МУРСАЛОВА***

# Терроризмалде данде

27 февралалдаса 11 апрелалде щвезегIан республикаялдаго гIуцIун буго «Чистый район – без наркотиков», «Твой выбор», «Дагестан против наркотиков» абурал ахIиязда гъоркь акциял.

Гьеб тадбиралдаги гIахьаллъун, ЧIарада районалъул ЦДОДялда тарбия кьолел цIалдохъабаз районалъул администрациялъул терроризмалде ва экстремизмалде данде гьабулеб профилактикиябгун идеологиялъулаб отделалъул специалистазда цадахъ цолъун тIобитIана «Чистый микрорайон – без наркотиков» ва «Дагестан против наркотиков» абурал акциял.

Гьеб гIуцIаразул лъазабиялда рекъон акциялъул мурадлъун букIана сахаб гIумру гьабиялъе пропаганда гьаби, сахлъиялъул культура бичIчIизаби, гьоркьохьеб лъай кьолел цIалул учреждениязда цIалулезда гьоркьор наркотикал тIиритIизаризе бегьунгутIиялъул лъазаби. Гьеб рахъалъ общественносталъулги гIахьаллъи букIине ккелин законалде данде кколареб къагIидаялда кIотинарулел жал хIалтIизариялъулъ.

Гьелда хурхун бичIчIи кьеялъул ва профилактикиял хIалтIаби гьаруна лъималаздехун ва гьезул улбуздехунги. «Чистый район – без наркотиков» абураб акциялда рекъон централда лъай борхизабулез сахаб гIумру букIинабиялде ахIулел буклетал рикьана райцентралда къватIахъ дандчIварал цо-цо гIадамазе.

УЧИТЕЛАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОНАЛДЕ

# 40-ялдаса цIикIкIун соназ мугIалимлъун



МугIалимасул ва насихIатчиясул сон – гьеб буго мугIалимлъун хIалтIулесул хасаб статус, жинца насихIатчиясул хIалтIиги цадахъ бачунеб.

Жакъа гьаб макъалаялда бицине бокьун буго улкаялъул Президентас лъазабураб мугIалимасул ва насихIатчиясул соналде, 40-ялдаса цIикIкIарал сонал школазда лъималазе лъай ва тарбия кьеялда арав ва гьабсагIаталдаги лъай кьеялъул бутIаялда кIвахI тун хIалтIулев вугев лъикIав мугIалим ва насихIатчиясул.

Гьев ккола ЧIарада районалъул Гьачада росулъа, жив Кьорош гьоркьохъеб школалъул директорлъун хIалтIулев вугев Хизрибегов ХIасан ХIабибулаевич.

ХIасан ХIабибулаевич гьавуна 1958 соналда. 1976 соналда Кьорош гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев цIализе лъугьуна Харьковалъул пачалихъияб университеталъул механическиябгун математикаялъулаб факультеталде.

1982 соналда диплом щварав ХIасан хIалтIизе лъугьана Гъизляр районалъул Цветковка росдал гьоркьохъеб школалда. Гьелдаса хадуб байбихьана гьесул захIматалъулаб нух. Анкьго сональ гьенив математикаялъул учительлъунги хIалтIун ХIасан Хизрибегов хIалтIизе лъугьуна гьебго районалъул Мало-Арешевскалъул гьоркьохъеб школалде. 1993-1994 соназда тIуразаруна гьеб школалъул директорасул тIадал ишал.

ГIагараб районалде вачIаравго 1994-1996 соназда хIалтIана ЧIарада росдал аслияб школалда завучлъун ва цадахъго кьуна математикаялъул дарсалги.

1997-2008 соназда хIалтIана Кьорош школалъул УВРалъул рахъалъ директорасул заместительлъун. 2008 соналдаса хадув жакъасеб къоялде щвезегIан хIалтIулев вуго МКОУ «Тлярошская СОШ» директорлъун.

ХIасан ХIабибулаевичас гIемераб хIалтIи гьабулеб буго школалъул гIумру лъикI гьабиялъе, учительзабазул ва цIалдохъабазул гIадлу-низам букIинабиялъе. ТIоритIулел руго предметазул анкьал. Кьорош школалъул цIалдохъабаз кидаго гIахьаллъи гьабула районалда тIоритIулел олимпиадабазда, конкурсазда, спорталъулал къецазда ва ккола призалъулал бакIалги, гьениби директорасул цIикIкIараб бутIа буго. Школалда гIемер тIоритIула методикиял цолъаби, КВНал, спорталъулал къецал. ХIасан ХIабибулаевич кидаго тIад хIалтIула цIалдохъабазул лъай борхизабиялда ва школалъул букIинеселда.

Хизрибегов ХIасан ХIабибулаевичасул гIемерал руго хIалтIулъ рихьизарурал хIасилазухъ кьурал шапакъатал ва къиматал сайгъатал. Гьев 1993 соналда вукIана «ЛъагIалил учительлъун» Гъизляр районалда, гьебго соналда «ЛъагIалил учитель» абураб республикаялъулаб конкурсалъул финалистлъунги. 2007 соналда бергьана Россиялъул Федерациялъул лъикIал учительзабазул конкурсалда ва мустахIикълъана Дагъистан Республикаялъул хIурматияб грамоталъе. ХIасан ХIабибулаевичасул буго мугIалимасул хIалтIул цIикIкIараб хIалбихьи, цIалдохъабазги кутакалда хIурмат гьабула гьесул. ХIасанил цIар адабалда рехсола гьалмагъзабаз, цадахъ хIалтIулез, росдал чIахIиязгун гIолохъанаб гIелалъги. **Педагогасул ва насихIатчиясул сон унго-унголъунги гьесул сон буго, щайин абуни гьев вуго цохIо цIалдохъабазе учительлъун гуревги цадахъ хIалтIулезе лъикIав насихIатчиги.**

Хъизан Разиятицагун цадахъ гьез гIезаруна лъабго яс. Гьезул цояй ана инсул нухдаса, лъугIизабуна ДГПИ ва хIалтIулей йиго Новгородалъул областалда байбихьул классазул учительницалъун.



ХIасан Хизрибеговасул эбел-эмен рукIана гIадатиял, гIадамаз хIурмат-адаб гьабулел, Аллагьасдаса хIинкъулел гIадамал. Эбел хIалтIулей йикIана колхозалда, эмен вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, хIалтIулев вукIана бухгалтерлъун. Гьез лъимал гIезаруна ва тарбия кьуна гIадамазда гьоркьор къадруялллъун, хIалтIи бокьулеллъун, жамагIаталъе хайирияллъун, гьитIиназе кумек гьабулеллъун, кIудиязул адаб гьабулеллъун гьел лъугьинариялъе.

ХIасанил эбелалъе кутакалда бокьун букIана тIадегIанаб лъай босизе, амма доб заманалда колхозалъул хIалтIи букIана сундасаго цебе, гьелъ эбелалъе рес ккечIо ВУЗалда цIализе. Гьей гIел бащадазда гьоркьой йикIана пагьму бугей, кидаго рахъ кколаан чIахIияз бицунелъул, гьелдаса жиндиего лъай щвезелъун. Гьеле гьединай йикIиналдалъун гьелъ лъималазул рокьи бижизабуна цIалуде, гьелъул жигаралдалъун васасулги гьира базабуна учительлъун вахъине. Гьелъ херлъараб мехалдаги КъурIан цIали гьоркьоса къотIизе течIо.

ХIасан Хизрибеговасул умумулги рукIана лъай ва махщел бугел гIадамал. Гьесул херав инсуца доб замаалда лъелго ун тIубазабуна хIежги.

ХIасан ХIабибулаевичасе ва гьесул хъизаназе гьарула щулияб сахлъи, халатал соназул гIумру, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби ва битIккей.



## *Авар кицаби ва абиял*

- РакI щваралъубе хIетI щола.
- РакIалда бугеб жо бицинчIогойила нухъа чIегIерлъараб.
- РачI халатаб гьойдасаги цIуне, гьод халатаб чодасаги цIуне.
- РекIедаса рекIеде – кьо.
- Ралъдадаги гел лъе (исрап гьабуге).
- Ралъдаеги щуб къваригIунеб, щубаеги бакъ къваригIунеб.
- Ралъдалъе чIимих бортаниш, ана нилъедаса.
- Ралъдалъе лъинги тIоге, рохьобе тIилги босуге.
- Рас хIеренаб бихьунила хIанчIаз руз бетIулеб.
- РатIа тIамиледухъ вачIунге, бох тIамиледухъ вачIа.
- РатIалги щоларо, щигат диеги гIоларо.
- РатIлица – чи, чоца – багьадур.
- Рахараб гъансиеги буцIцIараб кIалалъеги рахIат букIуна.
- Рахь баккулареб гIакдае чури кьоге.
- Рахь гьечIеб гIакдаца гIартилъ мал бала.
- Рахь хахулелъул бече хIалакъаб.
- Рахьдал тIанкI гьечIони, бече лъугьунареб.
- Рахьдалъ рас хекко бихьула.
- РахIатгун хIалихьалъи, захIматгун бахIарчилъи.

### Аттестат билун буго

ЦIуриб гьоркьохъеб школалъ 2000 соналда Ильясова ПатIимат МухIамадовналъул цIаралда кьураб аттестат № 7308906 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

### Аттестат билун буго

Гьилиб гьоркьохъеб школалъ 2004 соналда Сайпулаева ПатIимат ШагIбановналъул цIаралда кьураб аттестат № 9450917 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

ЧIАРАДА
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 сональ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*